



Aar leen seen bopp ak ñeneen ñi ci KORONAAWIRIS COVID-19

Amul joxe loxo, amul foonante ci jamonoy koronaawiris/COVID 19.
Yékkati leen seen loxo ngir nuyoo.



Am na wiris bu feeñ lu yàggul dara, mu ngi feebarloo ñu bari. Yaw ak say yeneeni moroomi xale, ak fu ngeen mēna nekk, mēn ngeena wàllisi ci xeex bi ñuy xeex jàngoro ju bees jooju. Li ngeen wara def xayna, mooy rekk soppo anam wi ngeen di nuyoo ñi leen fēete mag, ni ngeen di doxale seeni itte mbaa ni ngeen di dajeek seeni xarit.

NAN LAÑUY DEF ?

Wiris bi, ciy tiffit yu bawoo ci xētēr yi, jaar ci gēmminñ gi lay wasaroo. Te tiffit yooyu, mēn nanoo teer ci seeni yoxo, ci seeni bagaas ak ci yeneeni nit. Looloo waral, ngeen war di dāndante ak ñeneen ñi. Rawati na nag, seen digganteek ñi leen fēete mag ak ñi ame jafe-jafey wér-gu-yaram yu metti, ndax ñoom, koronaawiris/COVID 19 bi, dafa leen di gaawa sonal. Xale yi ñoom, feebar bi du leen sonal. Dafa leen di tisēti rekk.



2 meetar



Dēgg la, yombul nga nekk ak say kilifa ci kër gi te doo leen jege. Looloo waral, mu am solo di raxasu ba set tey dāndante ak seeni xarit ak ñi ngeen bokkalul kër. Kon, jéemal sa kéem-kàttan.

JĒF YU NDAW YII ÑU MĒNA MUCCAL



Raxasal say yoxo

Tooyalal say yoxo, jonj leen ak saabu, biir ak biti lu tollook 20 sēgond. Lenkalil say yoxo te fomp leen ba ñu wow.



Ci biir coñco li

Di tisóoli ci biir conco li, dina tax wiris bi du àgg ci say yoxo, say bagaas mbaa ci yeneeni nit.



Bul laal sa xar-kanam

Laal sa gēmminñ, sa bakkan mbaa say gēt, mēn naa may wiris bi yoon wu mu jaar ba dugg ci saw yaram.

Di farala raxasu ba set

Ay yoxo yu set, dafa lay aar, di aar ñeneen ñi. Raxasal saa yoo taqee, boo gēnnée wanag, boo fowee ba noppi, booy waaja togg ak ñoom-seen...



... boo noppee sa liggéeyu kër.



...lu jiiitu ak gannaaw boo lekkee ba noppi.



...lu jiiitu ak gannaaw boo rootee ba noppi.



FAN LA TARAAYU JÀNGORO JI TOLLU?

Li èpp ci ñi koronaawiris bi dugg, jàngoroy COVID 19 bi dal leen, du leen sonal. Dafay mel ni congum soj mbaa girib. Daanaka, ñēppa ciy wér.

SĒQET
SU WOW


JAFE-JAFEY
NOKKI



YARAM
WU TÀNG

Danga yēg dara ci sa yaram ? Toogal ci kër gi !

Bu fekkeeni sax tawat ji sonalu la, toogal ci kër gi. Ñi èpp ci ñi tawat, soxlawuñu dem kër doktoor ngir wér. Ku ci feebar ba sonn nag, toppal ndigali kër doktoor ngir moytoo wasaare jiwu jàngoro jii di koronaawiris bi.



Koronaawiris bu bees bi feeñ bu yàggul mooy sooke jàngoro ju bees ji ñu duppee COVID 19. Jiwu jàngoro jii di koronaawiris, bēt kese mēnu koo gis, waaye bu ñu ko dugalee ci mikoroskob, réyal ko, lii lay nirool.



Jàpp ci li ñu gis!

Coow leek wax ji jēm ci koronaawiris bi COVID 19 bari nañu. Waaye lu bari ci li ñu ciy wax, mēn naa baña nekk. Ñenn ñi, xēbalaatee lañu ci jublu mbaa am lu ñu la bēgga jëndloo. Waaye yow, jàppal ci li nga gis.

Wax ceek nit

Jaadu na nag, mu yóobe la géey, njāqare, tiitange mbaa xol bu tång. Waaye waxtaan ci ak koo am ci moom kóolote, moo xam mag mu nekk ci kër gi mbaa ab jàngalekat. Loolu dina la dimbali. Amal jàmm ak sa bopp, am ko ak ñeneen ñi.



Am nga ay sañ-sañ

Aaral sa bopp ci koronaawiris/ COVID 19 bi te bul fātte ni am nga sañ-sañu aaru ci bépp xeetu jalgati, sañ-sañu am dēkkuwaay, di lekk ba suur, am wér-gu-yaram ak njāng mu mucc-ayib. Yēgleel sa bépp sañ-sañ bu ñu jalgati, jaare ko ci nimeroy yi poliis ubbi te amul fey mbaa nga sākku ci ndimbali ci nit koo wóolu.

Jotalub nuyoo bu bawoo ci kuréel gi ñu duppee raayab xaley àdduna



Ci ndimbalu lotēri bu réewum Suwed ak kuréelu lingeer Silwiyaa bu réewum Suwed bi ñu duppee : Wér-gu-yaramu xale yi (Care About the Children)